



AQUARION
Water Company

Stewards of the Environment™

18 jen 2025

Avi sou Vann Antrepriz ak Egzamen Reglemantè

Nan kòmansman ane sa a, Eversource Energy te anonse entansyon li pou vann Aquarion Company. Nan mwa me, Unitil Corporation te dakò achte Aquarion Water Company of Massachusetts, Aquarion Water Company of New Hampshire ak Abenaki Water Company (“Antrepriz yo”).

Yo ta dwe finalize tranzaksyon sa a nan lane 2025 epi li soumèt ak apwobasyon reglemantè nan Massachusetts ak nan New Hampshire. Si yo apwouve tranzaksyon an, Antrepriz yo ap kontinye opere antanke antrepriz distribisyon dlo ki reglemante epi yo ap vin filiyal ki anba kontwòl total Unitil.

Konsènan Unitil Corporation

Unitil se yon antrepriz pòtfèy sèvis piblik elektrisite ak gaz ki nan bous la ki gen katye jeneral li nan Hampton, New Hampshire. Avèk operasyon atravè Maine, New Hampshire, ak Massachusetts, sèvis piblik Unitil yo sèvi anviwon 109,400 kliyan pou elektrisite ak 97,600 kliyan pou gaz natirèl.

Kisa Sa Vle Di pou Ou

Depi tranzaksyon an fin fèt, anplwaye lokal Aquarion Water Company of Massachusetts, Aquarion Water Company of New Hampshire, ak Abenaki Water Company ap vin anplwaye Unitil. Nou gen konfyans Unitil ap byen soutni anplwaye nou yo—ak kliyan nou yo—, yon antrepriz sèvis piblik solid epi k ap grandi ki gen lyen lokal pwofon nan Eta Massachusetts yo ak New Hampshire.

Anplis, tarif dlo ou yo ap rete nan tarif aktyèl yo. Ajans reglemantayon nan chak eta yo dwe otorize nenpòt chanjman nan tarif yo alavni.

Nou angaje nou pou nou kenbe w enfòm sou tranzaksyon sa a epi asire yon tranzisyon san pwoblèm ak yon sèvis san entèripsyon.

Swivi Egzamen Reglemantè

Pou swiv pwosesis egzamen reglemantè tranzaksyon sa a, tanpri vizite

<https://eeaonline.eea.state.ma.us/dpu/fileroom/#/dockets/docket/12519> pou dosye Massachusetts la ak <https://www.puc.nh.gov/VirtualFileRoom/Docket.aspx?DocketNumber=DW%2025-028> for the New Hampshire docket.